

Ane Lekòl 2021-22

Egzijans Vaksinyon Eta New York la pou Antre/Frekante Lekòl la¹

NÒT:

Timoun ki nan yon klas pre-matènèl yo ta dwe pran vaksen ki apwopriye pou laj yo. Kantite dòz yo depann de kalandriye Komite Konsiltatif sou Pratik Vaksinyon (Advisory Committee on Immunization Practices, ACIP) yo rekòmande a. Entèval ant dòz vaksen yo ta dwe ann akò avèk kalandriye vaksinyon ACIP rekòmande yo pou moun ki gen 0 jiska 18 ane. Dòz yon timoun resevwa anvan laj minimòm li oswa anvan entèval tan yo pa valab epi yo pa konte pou kantite dòz ki endike anba la yo. Gade nòt anba paj yo pou jwenn enfòmasyon espesifik pou chak vaksen. Timoun ki enskri nan Klas ki pa gen nivo yo ta dwe satisfè egzijans vaksinyon klas laj yo ekivalan pou yo a.

Ou DWE fè lekti egzijans dòz yo avèk nòt anba paj pwogram sa a

Vaksen yo	Klas Pre-Matènèl (Gadri, Asistans Preskolè, Gadri oswa Klas Pre-Matènèl)	Matènèl ak Klas 1ye, 2yèm, 3yèm, 4yèm ak 5yèm ane	Klas 6, 7, 8, 9, 10 ak 11yèm ane	Klas 12yèm Ane
Vaksen ki gen anatoksin kont difteri ak tetanòs ak vaksen kont koklich (DTaP/DTP/Tdap/Td) ²	4 dòz	5 dòz oswa 4 dòz Si li te resevwa 4yèm dòz la lè li gen 4 ane oswa plis oswa 3 dòz si li gen 7 ane oswa plis epi seri yo te kòmanse lè li gen 1 ane oswa plis	3 dòz	
Vaksen ki gen anatoksin tetanik ak difteri ak rapèl pou vaksen koklich pou timoun (Tdap) ³	Pa aplikab		1 dòz	
Vaksen kont Polyo (IPV/OPV) ⁴	3 dòz	4 dòz oswa 3 dòz si li te resevwa 3yèm dòz la a 4 ane oswa plis		
Vaksen kont Lawoujòl, Malmouton ak Ribeyòl (MMR) ⁵	1 dòz	2 dòz		
Vaksen kont epatit B ⁶	3 dòz	3 dòz oswa 2 dòz vaksen granmoun kont epatit B (Recombivax) pou timoun ki te resevwa dòz yo a omwen 4 mwa apa ant 11 ak 15 ane		
Vaksen kont Varisèl ⁷	1 dòz	2 dòz		
Vaksen konjige kont menengokòk (MenACWY) ⁸	Pa aplikab		Klas 7, 8, 9, 10 ak 11yèm ane: 1 dòz	2 dòz oswa 1 dòz si te resevwa dòz la a 16 ane oswa plis
Vaksen konjige kont Haemophilus influenzae tip b (Hib) ⁹	1 a 4 dòz	Pa aplikab		
Vaksen konjige kont nemokosik (PCV) ¹⁰	1 a 4 dòz	Pa aplikab		

1. Prèw serolojik ki montre prezans antikò kont lawoujòl, malmouton oswa ribeyòl oswa konfimasyon laboratwa maladi sa yo se prèw akseptab pou iminite kont maladi sa yo. Tès serolojik pou polyo yo se prèw iminite akseptab sèlman si yo te fè tès la anvan 1ye septanm 2019, epi tout twa serotip yo te pozitif. Yon tès san pozitif pou antikò sifas epatit B a se prèw iminite akseptab kont epatit B. Prèw serolojik ki montre prezans antikò kont varisèl, konfimasyon laboratwa maladi varisèl oswa dyagnostik pa yon doktè, asistan doktè oswa enfimiyè pratikan ke yon timoun te gen maladi varisèl se prèw iminite akseptab kont varisèl.
2. Anatoksin kont difteri ak tetanòs ak vaksen aselilè kont koklich (DTaP). (Laj minimòm: 6 semèn)
 - a. Timoun ki kòmanse seri yo alè dwe resevwa seri vaksen DTaP yo ki gen 5 dòz nan 2 mwa, 4 mwa, 6 mwa ak nan 15 pou rive 18 mwa ak nan 4 lane oswa plis pase sa. Yo ta dwe resevwa katriyèm dòz la lè yo gen laj 12 mwa, depi omwen 6 mwa te pase depi lè yo te resevwa twazyèm dòz la. Men, timoun yo dwe pran katriyèm dòz la ankò si yo te resevwa li omwen 4 mwa aprè twazyèm dòz DTaP. Timoun yo dwe resevwa dènye dòz seri a lè yo gen laj kat ane oswa aprè laj sa epi omwen 6 mwa aprè dòz anvan an.
 - b. Si yo te bay katriyèm dòz DTaP a sou 4 ane oswa plis, epi omwen 6 mwa apre dòz 3, senkyèm dòz (rapèl) vaksen DTaP a pa obligatwa.
 - c. Pou timoun ki fèt anvan 1ye janvyè 2005, sèlman iminite pou difteri ki obligatwa ak dòz DT ak Td yo ka satisfè kondisyon sa.
 - d. Timoun ki gen 7 an oswa plis ki pa konplètman vaksinen ak seri vaksen DTaP pou timoun yo ta dwe resevwa vaksen Tdap kòm premye dòz nan seri ratrapaj la; si yo bezwen plis dòz, sèvi ak vaksen Td oswa Tdap. Si li te resevwa premye dòz la anvan premye anivèsè li, ki donk, gen 4 dòz ki obligatwa, osi lontan li te resevwa dènye dòz la nan laj 4 ane oswa plis. Si li te resevwa premye dòz la nan premye anivèsè li oswa aprè, ki donk, gen 3 dòz ki nesèsè, osi lontan ke li te resevwa dènye dòz la nan laj 4 ane oswa plis.
3. Anatoksin tetanik ak difteri ak vaksen rapèl pou timoun kont koklich aselilè (Tdap). (Laj minimòm pou klas 6yèm ak 7yèm ane: 10 ane; laj minimòm pou klas 8yèm jiska 12yèm ane: 7 ane)
 - a. Elèv ki gen 11 lane oswa plis ki ap antre nan klas 6yèm rive nan 12yèm gen obligasyon pou pran yon dòz Tdap.
 - b. An plis de egzijans klas 6yèm rive 12yèm ane, Tdap ka bay tou kòm yon seri ratrapaj pou elèv ki gen 7 ane yo oswa plis ki pa konplètman vaksinen avèk seri DTaP timoun yo, jan sa dekrit anwo a. Nan ane lekòl 2021-2022 an, sèlman dòz Tdap yo bay nan laj 10 ane oswa plis ap satisfè egzijans Tdap pou elèv ki nan klas 6yèm ak 7yèm ane yo; men, dòz Tdap yo bay nan laj 7 ane oswa plis ap satisfè egzijans pou elèv ki nan klas 8yèm jiska 12yèm ane.
 - c. Elèv yo ki gen 10 ane ki nan klas 6yèm epi ki poko resevwa yon vaksen Tdap, yo an règ jiskaske yo gen 11 ane.
4. Vaksen kont polyomelit ki pa aktive (IPV) oswa vaksen nan bouch kont polyomelit (OPV). (Laj minimòm: 6 semèn)
 - a. Timoun yo ki kòmanse seri yo alè dwe resevwa yon seri IPV nan 2 mwa, 4 mwa ak 6 mwa rive 18 mwa epi nan laj 4 lane oswa plis. Timoun yo dwe resevwa dènye dòz seri a lè yo gen laj kat ane oswa apre laj sa a epi omwen 6 mwa apre dòz anvan an.
 - b. Pou elèv ki te resevwa katriyèm dòz yo anvan laj 4 lane ak anvan 7 dawout 2010, 4 dòz ki separe pandan omwen pa 4 semèn ap sifi.
 - c. Si twazyèm dòz polyomelit la ki te pran nan laj 4 lane oswa plis epi omwen 6 mwa apre dòz anvan an, katriyèm dòz vaksen kont polyomelit la pa obligatwa.
 - d. Pou timoun ki gen yon dosye OPV, se sèlman OPV trivalan (tOPV) ki konte nan egzijans vaksen polyo lekòl NYS la. Dòz OPV yo te bay anvan 1ye avril 2016, ta dwe konte sòf si yo note espesyalman monovalan, bivalan oswa jan yo bay pandan yon kanpay vaksinasyon kont poliovirus. Dòz OPV yo bay pandan oswa aprè 1ye avril 2016 pa ta dwe konte.
5. Vaksen kont lawoujòl, malmouton ak saranpyon (MMR) (Laj minimòm: 12 mwa)
 - a. Elèv la te dwe pran premye dòz vaksen kont MMR nan premye anivèsè li oswa apre. Elèv la te dwe pran dezyèm dòz la nan omwen 28 jou (4 semèn) apre premye la pou konsidere dòz la valab.
 - b. Lawoujòl: Li obligatwa pou pran yon dòz pou pre-matènèl. Li obligatwa pou pran de (2) dòz pou klas matènèl rive nan 12yèm.
 - c. Malmouton: Li obligatwa pou pran yon dòz pou pre-matènèl. Li obligatwa pou pran de (2) dòz pou klas matènèl rive nan 12yèm ane.
 - d. Saranpyon: Li obligatwa pou pran omwen yon dòz pou tout klas yo (pre-matènèl rive nan 12yèm).
6. VAKSEN EPATIT B
 - a. Yo ka bay timoun nan 1ye dòz la lè li fèt oswa nenpòt lè apre. Li obligatwa pou bay 2yèm dòz la omwen 4 semèn (28 jou) aprè 1ye dòz la. 3yèm dòz la dwe o mwen 8 semèn aprè 2yèm dòz la AK omwen 16 semèn aprè 1ye dòz la AK pa pi bonè pase laj 24 semèn (lè bay 4 dòz, ranplase “dòz 4” pou “dòz 3” nan kalkil sa yo).
 - b. De (2) dòz vaksen granmoun kont epatit B (Recombivax) ki te resevwa nan omwen 4 mwa entèval lè li te gen laj 11 an jiska 15 an ap satisfè kondisyon an.
7. Vaksen kont varisèl. (Laj minimòm: 12 mwa)
 - a. Elèv te dwe pran premye dòz vaksen kont varisèl nan premye anivèsè li oswa apre. Elèv la te dwe pran dezyèm dòz nan omwen 28 jou (4 semèn) apre premye yo konsidere premye dòz la valab.
 - b. Pou timoun ki gen mwens pase 13 lane, pi piti entèval ki rekòmande ant dòz yo se 3 mwa (si dezyèm dòz la te bay omwen 4 semèn apre premye dòz la, li ka aksepte kòm valab); pou moun ki gen 13 an ak plis, pi piti entèval ant dòz yo se 4 semèn.
8. Vaksen konjige kont menengokòk ACWY (MenACWY). (Laj minimòm pou klas 7yèm ak 8yèm ane: 10 ane; laj minimòm pou klas 9yèm jiska 12yèm ane: 6 semèn)
 - a. Yon dòz vaksen menengokòk konjige (Menactra, Menveo oswa MenQuadfi) obligatwa pou elèv k ap antre nan klas 7yèm, 8yèm, 9yèm, 10yèm ak 11yèm ane.
 - b. Pou elèv nan klas 12yèm, si li te resevwa premye dòz vaksen konjige kont menengokòk la nan laj 16 lane oswa plis, dezyèm dòz (anplis) la pa obligatwa.
 - c. Dezyèm dòz la te dwe pran nan laj 16 lane oswa plis. Pi piti entèval ant dòz yo se 8 semèn.
9. Vaksen konjige kont Haemophilus influenzae tip b (Hib) (Laj minimòm: 6 semèn)
 - a. Timoun yo ki kòmanse seri yo alè dwe resevwa vaksen Hib la nan 2 mwa, 4 mwa, 6 mwa ak nan 12 rive nan 15 mwa. Timoun yo ki gen plis pase 15 mwa dwe jwenn ratrapaj yo selon kalandriye ratrapaj ACIP a. Dènye dòz la dwe pran nan 12 mwa oswa apre.
 - b. Si 2 dòz vaksen te pran anvan laj 12 mwa, sèlman 3 dòz ki obligatwa avèk 3yèm dòz la nan 12 rive 15 mwa ak omwen 8 semèn anvan 2yèm dòz la.
 - c. Si 1ye dòz la te pran nan laj 12 rive 14 mwa, sèlman 2 dòz ki obligatwa avèk 2yèm dòz la nan omwen 8 semèn apre 1ye dòz la.
 - d. Si 1ye dòz la te pran nan 15 mwa oswa plis, sèlman 1 dòz obligatwa.
 - e. Vaksen Hib la pa obligatwa pou timoun 5 lane oswa plis.
10. Vaksen konjige kont nemokòk (PCV) (Laj minimòm: 6 semèn)
 - a. Timoun yo ki kòmanse seri yo alè dwe pran vaksen PCV a nan 2 mwa, 4 mwa, 6 mwa ak 12 rive 15 mwa. Timoun yo ki gen plis pase 15 mwa dwe jwenn ratrapaj yo selon kalandriye ratrapaj ACIP a. Dènye dòz la dwe pran nan 12 mwa oswa apre.
 - b. Timoun ki pa vaksinen ki gen laj 7 a 11 mwa oblije resevwa 2 dòz, omwen 4 semèn apa, epi yon twazyèm dòz nan 12 a 15 mwa.
 - c. Timoun ki pa te vaksinen nan laj 12 rive 23 mwa dwe pran 2 dòz vaksen omwen nan 8 semèn entèval.
 - d. Si gen yon dòz vaksen ki te pran nan 24 mwa oswa plis, pa gen lòt dòz k ap obligatwa.
 - e. PCV pa obligatwa pou timoun ki gen 5 ane oswa plis.
 - f. Pou jwenn plis enfòmasyon, gade nan tablo PCV ki disponib nan Livrè Enstriksyon sou Sondaj Lekòl la nan: www.health.ny.gov/prevention/immunization/schools

Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte:

**New York State Department of Health
Bureau of Immunization
Room 649, Corning Tower ESP
Albany, NY 12237
(518) 473-4437**

**New York City Department of Health and Mental Hygiene
Program Support Unit, Bureau of Immunization,
42-09 28th Street, 5th floor
Long Island City, NY 11101
(347) 396-2433**

New York State Department of Health/Bureau of Immunization
health.ny.gov/immunization